# Ши зуда йолчу к1ента кертахь

Корехь а кор ма ца оьшу,
Не1арехь не1 ма ца оьшу,
Ши зуда йолчу к1ента кертахь,
Лата ж1аьла ма ца оьшу. 2р

Цхьа йоккха стаг зуда ю хьан,
Цхьа чоь юьззина доьзал бу хьан.
Еъча йига воллурий хьо,
Эхь ца хета хьан б1аьргашна. 2р

Сан 1уьйре яц моьттарий хьуна,
Сан суьйре яц моьттарий хьуна.
Хьайха яьлчи, велла валарг,
Кхин карор вац моьттарий хьуна. 2р

Сайн мамеха йолийла со,
Сайн дадеха йолийла со,
Хи эшчи бен, хи т1е йодахь,
Хьо вайчи бен, дага ваг1ахь. 2р

Корехь а кор ма ца оьшу,
Не1арехь не1 ма ца оьшу,
Ши зуда йолчу к1ента кертахь,
Лата ж1аьла ма ца оьшу. 2р

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)